



Refleksyon ak diskisyon pou **Gid pou byen itilize rezo sosyal yo**

Se Glordens Cenat ki devlope plan leson sa a

Aktivite pou elèv yo :

Reponn kesyon sa yo nan fason pa ou :

1. Fè yon lis 4 bagay ou aprann nan leson sou rezo sosyal yo ?
 - a)
 - an)
 - b)
 - ch)
2. Kòman ou panse paran yo te ka patisipe nan fason ti moun yo itilize rezo sosyal yo ?
3. Kòman ou panse lekòl yo te ka patisipe nan fason ti moun yo itilize rezo sosyal yo ?
4. Kòman ou panse leta te ka patisipe nan fason ti moun yo itilize rezo sosyal yo ?
5. Selon ou menm, a ki laj yon ti moun ta dwe kòmanse itilize rezo sosyal ? Esplike rezon ki fè w panse se laj sa a ki pi rezonab.

Aktivite pou pwofesè yo :

1. Aprè elèv yo fin li leson an, pwofesè a ka poze kesyon sou chak pwen nan leson an pou l dekouvi si elèv yo te konprann sa yo te li a.
2. Nan pati ki pale sou sou *danje* ki genyen nan itilizasyon rezo sosyal yo, pwofesè a ka fè rechèch sou zak malonèt ki fèt ak rezo sosyal yo — yon fason pou pataje egzanp sou danje sa yo.
3. Pwofesè a ka divize klas la an plizyè gwoup epi bay chak gwoup sa yo yon egzanp *danje* ki genyen nan itilizasyon rezo sosyal yo. Epi pwòf la ka mande pou chak gwoup brase lide sou danje sa yo. Apre chak gwoup fè sa, y avata pataje rezilta brase lide a ak tout elèv yo ; kon sa elèv yo avata pi byen konprann divès danje ki ka menase yo nan itilize rezo sosyal yo.
4. (Pwofesè a ka fè menm bagay la, nan pwen 2 ak 3, pou *avantaj* ki genyen nan itilize rezo sosyal yo)
5. Pwofesè a ka mande chak elèv oubyen chak gwoup pou yo vini ak egzanp lòt *danje* oubyen lòt *avantaj* ki genyen nan itilize rezo sosyal yo ki diferan de sa nou site nan leson an e ki diferan de egzanp pwofesè a.
6. Konsènan videyo ki montre kòman pou n kreye « gwoup zanmi » nan telefòn ak rezo sosyal, pwofesè a ka fè demonstrasyon ak telefòn li pou montre elèv yo kòman yo ka kreye gwoup zanmi pa yo.
7. Pwofesè a ka fè elèv yo brase lide e pwopoze solisyon ki montre kòman yo ka pwoteje tèt yo ak lòt moun nan fason y ap itilize rezo sosyal yo. Solisyon yo dwe diferan de sa nou prezante nan leson an.